

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Carita Drama “Antéh” karya Nunu Nazarudin Azhar jeung *Dongeng Nini Anteh* nu ditulis ku A.S. Kesuma, mangrupa karya sastra anu matak ngirut pikeun dibandingkeun. Ku sabab duanana miboga inti carita atawa téma anu sarua nya éta nyaritakeun awéwé nu cicing di bulan. Babandingan dina ieu panalungtikan téh ngawengku babandingan struktur caritana saperti palaku, latar, galur, jeung téma. Anu satuluyna diparuluh ogé ngeunaan ajén étnopédagogik nu nyampak dina unggal carita. Hasil tina ieu panalungtikan saterusna bisa jadikeun alternatif pikeun bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

Dongéng *Nini Anteh* nyaritakeun ngeunaan kahirupan Antéh nalika hirup di dunya, nepi ka tungtungna dibawa ka bulan. Kacaritakeun dina ieu dongéng, yén Antéh mangrupa incu déwi bulan anu diparéntahkeun lahir ka dunya, pikeun ngaput baju karajaan. Watek Antéh mangrupa conto gambaran jalma anu miboga sikep hadé rupa, hadé tata, jeung hadé basa.

Carita drama “Antéh” nyaritakeun ngeunaan kahirupan Antéh sabada manéhna cicing atawa dibawa ka bulan. Manéhna kudu daék nyorang kasimpé nu tan wates. Nepi ka tungtungna meunang paréntah pikeun ninun cahaya sangkan bulan bisa purnama. Eusi tina ieu carita téh nya éta ngeunaan kasatiaan Antéh pikeun nungguan jalma nu dipikacintana datang, sangkan bisa hirup ngahiji.

Pikeun maluruh jeung ngabandingkeun dua karya di luhur, babandingan anu dipaké nya éta tiori sastra bandingan nurutkeun Suwardi Endraswara, nu nyebutkeun yén sastra bandingan téh nya éta élmu sastra anu maluruh ngeunaan patalina hiji karya sastra jeung karya sastra nu séjén. Ieu tiori dipaké lantaran dianggap luyu jeung sumber data nu rék ditalungtik, nya éta sasaran jeung bébédaan anu nyampak dina carita drama jeung dongéng Antéh. Sedengkeun tiori struktur nu dipaké nya éta tiori nurutkeun Robert Stanton anu ngawengku fakta-fakta carita saperti palaku, latar, jeung galur sarta ditambahan ku téma.

Téma dina carita drama “Antéh” jeung *Dongeng Nini Anteh* nyaritakeun ngeunaan awéwé anu cicing di bulan, tapi alesan unggal palaku cicing di bulan téh miboga alesan nu béda. Dina carita drama “Antéh” tokoh Antéh cicing di bulan lantaran manéhna keur meunang ujian pikeun nguji kakuatan jeung kayakinan sangkan bisa ngahiji jeung jalma nu dipiasihna. Sedengkeun dina *Dongeng Nini Anteh* tokoh Antéh dibawa ka bulan lantaran manéhna dipitnah nepi ka rék dihukum pati ku Ratu.

Analisis ajén étnopédagogik dina ieu panalungtikan ngagunakeun 18 ajén atikan karakter anu ditétélakeun ku Kemendiknas. Dina dua carita di luhur kapaluruh aya 12 ajén atikan karakter. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca dongéng di kelas VII SMP.

5.2 Implikasi

Dumasar hasil panalungtikan aya sababaraha implikasi anu baris disebutkeun saperti ieu di handap.

1. Pikeun panalungtikan, hasil ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kajian sastra, hususna sastra bandingan. Hasil tina ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi bahan référénsi pikeun siswa, mahasiswa, atawa panalungtik séjén nu boga karep kana sastra bandingan, jeung ajén étnopédagogik.
2. Pikeun lembaga atawa sakola, dipiharep hasil tina ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan réfléksi pikeun maham kana ajén-ajén atikan karakter anu nyampak tina carita drama jeung dongéng Antéh. Sabab eusi tina ieu dua karya sastra téh euyeub ku ajén-inajén, anu bisa dijadikeun picontoeun pikeun siswa, dina ngalakonan kahirupan sapopoéna.

5.3 Rékoméndasi

Sabada ieu panalungtikan dilaksanakeun, aya sababaraha rékoméndasi anu baris ditepikeun ku panalungtik, nya éta saperti ieu di handap.

1. *Dongeng Nini Anteh* anu euyeub ku ajén-ajén atikan karakter dipiharep bisa dijadikeun salah sahiji carita anu wajib dibaca ku balaréa.

2. Ieu panalungtikan téh masih loba kurangna, dipiharep panalungtik saterusna bisa nalungtik leuwih jembar perkara hal naon waé anu nyampak dina ieu dongéng.
3. Masih loba masalah-masalah séjén nu can katalungtik jeung matak ngirut upama dipesek leuwih jero. Panalungtikan saterusna dipiharep bisa nalungtik ieu carita ngagunakeun perspektif atawa péso séjén anu leuwih ngirut.